**1-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 1-чу занятин конспект**

**Тема: Тексте ладогIар, суьртийн рогIалла хIоттор**

**Iалашо:** СуртхIотторан кепехь диалогашца къамелан говзалла, кхоллараллин ойлайар, фантази кхиор.

**Iалашонаш:**

• **Дешаран:**

- «Диалог» дашах кхетам а, цуьнан коьрта элементаш а (репликаш, ладогIар, жоп далар) йовзийтар.
- Диалог дIайахьаран коьрта хаарш Iамор (маршалла хаттар, Iодика йар, дехар дар, баркалла алар).

**Кхиаран:**

- Къамел, тидамбар, иэс, фантази кхиор.
- Шен ойланаш а, синхаамаш а гайта хаар лакхадаккхар.
- СуртхIотторан кепаца кхоллараллин хьуьнарш кхиор.

**Кхетош-кхиоран:**

- Вовшашца къамел даран культура а, кхечуьнга ладогIа а, цуьнан ларам бан а хаар кхиор.
- Кхоллараллин гIуллакхна дика хьал кхоллар.

ГIирс:

• Тайп-тайпанчу турпалхойн (акхаройн, туьйранан турпалхойн, и. дI. кх. а) суьрташ тIехь долу карточкаш.
• Маршалла хаттаран, Iодикайаран, дехар даран, баркалла аларан дешнийн цхьаьнакхетарш тIехь долу карточкаш.
• Масканаш йа костюмийн элементаш (шайн лаамехь).
• Диалогийн масалшца презентаци йар (аьтто белахь).

**Классал арахьара дешаран некъ**

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Iалашо: хIораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | I мин | **Маршалла хаттар.**<br><br>Маршалла ду шуьга, хьоме бераш! Дала шуна дика дарш, диканца шу дукха дахадарш, вуонна шу тIаьхьататтарш, диканна хьалхадахарш. Ас цхьа туьйра дуьйцур ду шуна, тур-тамаша шуьга байта. Лунан лергаш самадахалаш, берзан бIаьргаш серлабахалаш! | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод:<br><br>салам –маршалла хаттар.<br><br>Дог-ойла гIатторца тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни (Iаморан тIедилларе ладогIар а, цунах кхетар а).<br><br>Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар) . |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>Iалашо: дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 5 мин | Хаарш жигардахар.<br><br>- Бераш, шуна туьйранаш хазахетий?Хьанна дагадогIу шуна туьйранаш муха дуьйлало? (Цкъа мацах..., йехаш-Iаш хилла…)<br><br>- Ткъа чекх муха довлу уьш?<br><br>- Тахана вай, цхьана туьйране ладоьгIна ца Iаш, иза суьрташ тIера гулдийр ду! | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло, туьйранан элементаш дагалоьцу | Барта (къамел), гайтаман (туьйранан турпалхой гойтуш долу суьрташ). | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар).<br><br>Личностни (дешар Iаморна мотиваци кхоллар).<br><br>Познавательни (хьайн хаарийн системехь лела хаар).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Коьрта дакъа**<br><br>Iалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | **I.Текст йовзийтар:**<br><br>- ХIинца ас шуна вайн халкъан туьйра доьшур ду шуна. Дика ладогIа! (Туьйранан текст 2-зза йоьшу). Туьйра, хиламийн рогIалла шера а йолуш, кхета атта хила деза. Масала: «**ГАЗА-ГУЬЗАЛГАШ. Халкъан туьйра**»<br><br>- Бераш, хаза хийтин шуна туьйра?<br>- Стенах лаьцна дара и?<br>- Муха хийтира шуна газа - гуьзалгаш?<br>- Шайн нанас аьлларг дорий цара?<br>- Х1ун гира царна новкъахь?<br>- Барзо х1ун дира царна?<br>- Нана-газа кхерайелирий барзах?<br>- Ша барзах к1елхьарайаьхначу шен буьхьигашна х1ун хьехар дира нанас?<br>- Шу реза дуй цуьнан хьехамна? Дас-нанас, воккхачо аьлларг дан дезий?<br>**2. Суьрташца болх бар:**<br><br>- Шун партанаш тIехь вайн туьйранан тайп-тайпана хиламаш гойтуш долу суьрташ ду. Шун декхар -текстехь хиламаш ма-хиллара, уьш нийсачу рогIаллехь дIанисдар. (Суьрташ дIасадоькъу). | I. Тексте ладугIу, хаттаршна жоьпаш даларца диалог дIахьо.<br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br>2. Суьрташка а хьовсуш, уьш нийсачу рогIаллехь дIанисдан хьовсу. | Барта (кхетор, йешар), гайтаман (суьрташ), практически (суьрташца болх бар). | Коммуникативни (диалогехь дакъалацар; кхечаьрга ладогIар а, царах кхетар а, хиламех а, гIуллакхех а болу шен хьежам бовзийтар).<br><br>Познавательни (тайп-тайпана хIуманаш, хиламаш, бакъдерш вовшашца дуста а, церан анализ йан а, шайн-шайн тобанашка дерзо а, хьайн хаарийн системехь лела а хаар).<br><br><br><br>Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | |  <br> <br>**3.Таллам:**<br><br>- Аш муха болх бина хьовса вай! (Масех дешархочуьнга кхойкху, шаьш суьрташ муха дIанисдина а, хIунда дIанисдина а дийца).<br><br>**4. Йуха а ладогIар а, тIечIагIдар а** (уточнение)**:**<br><br>- ХIинца ас йуха а доьшур ду дийцар, аш дерриге а нийса дина йа ца дина талла мегар ду. (Йуха а дIайоьшу туьйранан текст). | 3. Шаьш суьрташ муха дIанисдина а дуьйцу, уьш иштта харжаран бахьана а довзуьйту.<br><br>4. Йуха а тексте ладоьгIначул тIаьхьа, шайн болх толлу. | | |
| **ЖамIаш дар, хааарш системе дерзор а.**<br><br>Iалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | - ХIун дира вай тахана?<br><br>- ХIун хии вайна?<br><br>- Хала дарий хьуна?<br><br>- Уггаре а самукъане дерг хIун дара? | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш а луш, шайна хетарг дуьйцу . | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br><br>Коммуникативни |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | (лерсица хаам тIеэцар). |
| **Рефлекси**<br><br>Iалашо: шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | I мин | - Тетрадан йистошца малх билла, нагахь хьайна хIара дарс самукъане хеташ хиллехь а, дерриге нисделлехь а, йа марха йилла, нагахь санна хьо ца кхеташ а, хала а хиллехь. | Тетрадан йистошца малх йа марха йуьллу | Гайтаман (сурт), барта (кхетор). | Регулятивни (шен гIуллакхан мах хадор).<br><br>Познавательни (Iамийнарг системе хIоттор, тIечIагIдар, жамIаш дар).<br><br>Коммуникативни (барта шайн ойланаш йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

**№I ЙУХХЕДИЛЛАР**






**ГАЗА-ГУЬЗАЛГАШ. Халкъан туьйра**

***Дала шуна дика дарш, диканца шу дукха дахадарш, вуонна шу тIаьхьататтарш, диканна хьалхадахарш. Ас цхьа туьйра дуьйцур ду шуна, тур-тамаша шуьга байта. Лунан лерган самадахалаш, берзан бIаьрган серлабахалаш!***



**Йехаш-Iаш хилла нана-газа. Цуьнан кхоъ буьхьиг хилла, цхьа гай, ши гай, кхо гай долуш газа-гуьзалгаш.**
**Нанас аьлла шен буьхьигашка:**
**– Вай хьуьна йисте сийна буц йаа, шийла шовда мала йахана йахка йеза.**
**Буьхьигаш резахилла. Йахана газа-гуьзалгаш. Хьуьна йистехь, сийна буц йууш, хьагйелча, шийла шовда молуш, тIаккха кхиссалуш, ловзуш, самукъадаьлла лелаш хилла уьш.**
**Цхьа гай дерг йуьзна. Цуо аьлла ши гай долчуьнга:**
**– Со йуьзна, со цIа йаха йоллу. Хьо йогIий соьца?**
**Ши гай долчо аьлла:**
**– ХIан-хIа. Хьан цхьа гай дузарх, сан шиъ ца дуьзна. Со ца йогIу.**
**Цхьа гай дерг ша цхьаъ цIа йан новкъайаьлла. Йиш а локхуш, йогIуш хилла иза:**



**Газа-гуьзалг йогIуш йу,**
**Бацах йуьзна техкаш йу,**
**Болар чехка долуш йу,**
**Нанна дукхайезаш йу.**
**Газа-гуьзалгаш цIа йахкаре хьоьжуш, тIай бухахь, лечкъина, Iаш борз хилла. Буьхьигна дуьхьалйаьлла борз.**
**– Хьо мичара йогIу, ва газа-гуьзалг? – аьлла хаьттина цо.**
**Кхерайелла, йега а йеш, аьлла газа-гуьзалго:**
**– Йажа-кхажа йахана йогIу.**
**– Хьан синпха хIунда беттало?**
**– Хьох кхоьруш беттало.**
**«Хьап» аьлла, дIакхаьллина и барзо.**
**Йежаш, йежаш, ши гай дерг йуьзна. Кхо гай долчуьнга аьлла цуо:**
**– Сан ши гай дуьзна, со цIа йаха йоллу. Хьо йогIий?**
**– ХIан-хIа, хьан ши гай дузарх, сан кхо гай ца дуьзна, – аьлла вукхо.**
**Цуьнга а ца хьоьжуш, цIа йан йаьлла ши гай дерг. Шен йиш а локхуш йогIуш хилла и:**



**Газа-гуьзалг йогIуш йу,**
**Бацах йуьзна техкаш йу,**
**Болар чехка долуш йу,**
**Нанна дукхайезаш йу.**
**Вукхунна санна, борз дуьхьалйаьлла цунна а.**
**– Хьо мичара йогIу, ва газа-гуьзалг? – хаьттина барзо.**
**Кхерайелла, йега а йеш, жоп делла газа-гуьзалго:**
**– Йажа-кхажа йахана йогIу.**
**– Хьан синпха хIунда беттало?**
**– Хьох кхоьруш беттало.**
**«Хьап» аьлла, иза а дIакхаьллина барзо.**

**Йежаш, йежаш, кхо гай дерг а йуьзна. Нене аьлла цуо:**
**– Сан кхо гай дуьзна, со цIа йаха йоллу.**
**– Собар де, – аьлла нана-газано, – цхьаьна гIур йу вайшиъ.**
**Амма нене ла а ца дугIуш, новкъайаьлла жима газа-гуьзалг. Йиш а локхуш, йогIуш хилла и:**
**Газа-гуьзалг йогIуш йу,**
**Бацах йуьзна техкаш йу,**
**Болар чехка долуш йу,**
**Нанна дукхайезаш йу.**
**Цунна а дуьхьалйаьлла борз.**
**– Хьо стенгара йогIу, ва газа-гуьзалг? – хаьттина цо.**
**– Йажа-кхажа йахана йогIу.**
**– Хьан синпха хIунда беттало?**
**– Хьох кхоьруш беттало.**
**КхозлагIниг а дIакхаьллина барзо.**
**Йуза а йуьзна, шийла шовда а мелла, цIа йан йаьлла нана-газа. Йиш а локхуш, йогIуш хилла и:**
**Сох лата борз йац,**
**Бай тIе йала гу бац.**
**МIаь-аьъ.**
**Борз дуьхьалйаьлла нана-газанна.**
**– Хьо мичара йогIу, ва нана-газа? – хаьттина цо.**
**– Йажа-кхажа йахана йогIу.**
**– Хьан синпха хIунда беттало?**
**– Хьох лата дог хилла беттало, – аьлла, барзана лата чухьаьдда нана-газа. Леташ, леташ хилла борззий, газий. ЦIаьххьана газано, хьала а хьаьжна, аьлла:**
**– Малх соьгахьа бу.**
**И санна, малхе хьажа, борз хьалахьожжушехь, Нана-газано, гайх маIаш а тоьхна, схьайаьхна шен буьхьигаш. ТIаккха цуо цаьрга аьлла:**
**– Вовшашца бертахь хилалаш, даим цхьаьна лелалаш. Нанас аьлларг делаш. Барт ца хилча, нанас аьлларг а ца дича, кхерам хир бу шуна.**
**Цул тIаьхьа чIогIа бертахь йехаш-Iаш хилла газа-гуьзалгаш.**



**Стела1ад №1. 2021**

## 1-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 2-чу занятин конспект

**Тема: Тексте ладогIар, суьртийн рогIалла хIоттор**

**Iалашо:** СуртхIотторан кепехь диалогашца къамелан говзалла, кхоллараллин ойлайар, фантази кхиор.

**Iалашонаш:**

**• Дешаран:**

- «Диалог» дашах кхетам а, цуьнан коьрта элементаш а (репликаш, ладогIар, жоп далар) йовзийтар.
- Диалог дIайахьаран коьрта хаарш Iамор (маршалла хаттар, Iодика йар, дехар дар, баркалла алар).

**Кхиаран:**

- Къамел, тидамбар, иэс, фантази кхиор.
- Шен ойланаш а, синхаамаш а гайта хаар лакхадаккхар.
- СуртхIотторан кепаца кхоллараллин хьуьнарш кхиор.

**Кхетош-кхиоран:**

- Вовшашца къамел даран культура а, кхечуьнга ладогIа а, цуьнан ларам бан а хаар кхиор.
- Кхоллараллин гIуллакхна дика хьал кхоллар.

ГIирс:

• Тайп-тайпанчу турпалхойн (акхаройн, туьйранан турпалхойн, и. дI. кх. а) суьрташ тIехь долу карточкаш.
• Маршалла хаттаран, Iодикайаран, дехар даран, баркалла аларан дешнийн цхьаьнакхетарш тIехь долу карточкаш.
• Масканаш йа костюмийн элементаш (шайн лаамехь).
• Диалогийн масалшца презентаци йар (аьтто белахь).

**Классал арахьара дешаран некъ**

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Iалашо: хIораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | I мин | **Маршалла хаттар.**<br><br>Маршалла ду шуьга, хьоме бераш!<br>Шу массо мел хаза ду!<br>БIаьрса, лерса аш шайн ирде!<br>Туьйранийн махка вай гIур ду! | Хьехархочуьн га маршалла хаттар | Барта аларан метод:<br><br>салам –маршалла хаттар.<br><br>Дог-ойла гIатторца тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни (Iаморан тIедилларе ладогIар а, цунах кхетар а).<br><br>Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар) . |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>Iалашо: дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 5 мин | Хаарш жигардахар.<br><br>- Бераш, шуна туьйранаш хазахетий?Хьанна дагадогIу шуна туьйранаш муха дуьйлало? (Цкъа мацах..., Iаш хилла…)<br><br>- Ткъа чекх муха довлу уьш? (Берийн жоьпаш)<br><br>- Тахана вай, нохчийн матте даьккхина долчу оьрсийн халкъан туьйране ладуг1ур ду. Цул сов, ладоьгIна ца Iаш, иза суьрташ тIера гулдийр ду! | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло, туьйранан элементаш дагалоьцу | Барта (къамел), гайтаман (туьйранан турпалхой гойтуш долу суьрташ). | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар).<br><br>Личностни (дешар Iаморна мотиваци кхоллар).<br><br>Познавательни (хьайн хаарийн системехь лела хаар).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар, хьехархочун хаттаршна |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | жоьпаш далар). |
| **Коьрта дакъа**<br><br>Іалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | **I.Текст йовзийтар:**<br><br>- ХIинца аса жима туьйра доьшур ду шуна. Дика ладогIа! (Туьйранан текст 2-зза йоьшу). Туьйра, хиламийн рогIалла шера а йолуш, кхета атта хила деза. Масала: «ХОРСАМ»<br><br>- Бераш, муха хийти шуна туьйра?<br><br>- Стенах лаьцна дара и?<br><br>- Стенгахь кхиъънера хорсам?<br><br>- Ша хорсам д1адийна ваьлча, х1ун дешнаш элира дадас?<br><br>-Кхиирий хорсам дадас ма - аллара?<br><br>- Дадига схьа х1унда ца даккхаделира и?<br><br>- Дадас шена г1о дан хьаьнга кхайкхира?<br><br>- Бабас хьаьнга кхайкхира?<br><br>- Хорсам схьадоккхуш кхин хьан дира г1о? | I. Тексте ладугIу, хаттаршна жоьпаш даларца диалог дIахьо. | Барта (кхетор, йешар), гайтаман (суьрташ), практически (суьрташца болх бар). | Коммуникативни (диалогехь дакъалацар; кхечаьрга ладогIар а, царах кхетар а, хиламех а, гIуллакхех а болу шен хьежам бовзийтар).<br><br>Познавательни (тайп-тайпана хIуманаш, хиламаш, бакъдерш вовшашца дуста а, церан анализ йан а, шайн-шайн тобанашка дерзо а, хьайн хаарийн системехь лела а хаар).<br><br>Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | - Схьадаккхаделирий цаьрга и?<br><br>- Дахка беача, х1унда даккхаделла аьлла хета шуна хорсам? | | | |
| | | **2. Суьрташца болх бар:**<br><br>- Шун партанаш тIехь вайн туьйранан тайп-тайпана хиламаш гойтуш долу суьрташ ду. Шун декхар -текстехь хиламаш ма-хиллара, уьш нийсачу рогIаллехь дIанисдар. (Суьрташ дIасадоькъу).<br><br> | 2. Суьрташка а хьовсуш, уьш нийсачу рогIаллехь дIанисдан хьовсу. | | |
| | | **3.Таллам:**<br><br>- Аш муха болх бина хьовса вай! (Масех дешархочуьнга кхойкху, шаьш суьрташ муха дIанисдина а, хIунда дIанисдина а дийца). | 3. Шаьш суьрташ муха дIанисдина а дуьйцу, уьш иштта харжаран бахьана а довзуьйту. | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **4. Йуха а ладогIар а, тIечIагIдар а** (уточнение)**:**<br><br>- ХIинца ас йуха а доьшур ду дийцар, аш дерриге а нийса дина йа ца дина талла мегар ду. (Йуха а дIайоьшу туьйранан текст). | 4. Йуха а тексте ладоьгIначул тIаьхьа, шайн болх толлу. | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>Iалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | - ХIун дира вай тахана?<br><br>- ХIун хии вайна?<br><br>- Хала дарий хьуна?<br><br>- Уггаре а самукъане дерг хIун дара? | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш а луш, шайна хетарг дуьйцу . | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар). |
| **Рефлекси**<br><br>Iалашо: шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | I мин | - Тетрадан йистошца малх билла, нагахь хьайна хIара дарс самукъане хеташ хиллехь а, дерриге нисделлехь а, йа марха йилла, нагахь санна хьо ца кхеташ а, хала а хиллехь. | Тетрадан йистошца малх йа марха йуьллу | Гайтаман (сурт), барта (кхетор). | Регулятивни (шен гIуллакхан мах хадор).<br><br>Познавательни (Iамийнарг системе хIоттор, тIечIагIдар, жамIаш дар).<br><br>Коммуникативни (барта шайн ойланаш йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | далар). |

**№I ЙУХХЕДИЛЛАР**

## Хорсам (Оьрсийн халкъан туьйра)



Дадас хорсам дийна хеса. Т1аккха аьлла:
– Кхиалахь, хорсам, мазал мерза!
Кхиалахь, хорсам, нана-доккха!
Кхиъна хорсам. Мерза а, доккха а хилла хорсам.
Хорсам схьадаккха вахана дада.
Озийна, озийна – схьа ца даьлла хорсам.
Бабега кхайкхина т1аккха дадас.





Баба дадина **т1аьхьатасайелла,**
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьа ца даьлла.
Т1аккха бабас к1ентан йо1е кхайкхина.
Йо1 бабех тасайелла,
Баба дадех тасайелла,
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьа ца даьлла.









Т1аккха йо1а К1езе кхайкхина.
К1еза йо1ах тасаделла,
Йо1 бабех тасайелла,
Баба дадех тасайелла,
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьа ца даьлла.



К1езо т1аккха цициг кхайкхина.
Цициг К1езах тасаделла,
К1еза йо1ах тасаделла,
Йо1 бабех тасайелла,
Баба дадех тасайелла,
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьа ца даьлла.



Т1аккха цицигo дехке кхайкхина.
Дахка цицигах тасабелла,
Цициг К1езах тасаделла,
К1еза йо1ах тасаделла,
Йо1 бабех тасайелла,
Баба дадех тасайелла,
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьадаьлла хорсам.

Вайн туьйра чекхдели! Ладоьг1начунна и хези!
**Гочдинарг – Петирова Пет1амат**



**1-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 3-чу занятин конспект**

**Тема: Тексте ладогIар, суьртийн рогIалла хIоттор**

**Iалашо:** СуртхIотторан кепехь диалогашца къамелан говзалла, кхоллараллин ойлайар, фантази кхиор.

**Iалашонаш:**
**• Дешаран:**
- «Диалог» дашах кхетам а, цуьнан коьрта элементаш а (репликаш, ладогIар, жоп далар) йовзийтар.
- Диалог дIайахьаран коьрта хаарш Iамор (маршалла хаттар, Iодика йар, дехар дар, баркалла алар).

**Кхиаран:**
- Къамел, тидамбар, иэс, фантази кхиор.
- Шен ойланаш а, синхаамаш а гайта хаар лакхадаккхар.
- СуртхIотторан кепаца кхоллараллин хьуьнарш кхиор.

**Кхетош-кхиоран:**
- Вовшашца къамел даран культура а, кхечуьнга ладогIа а, цуьнан ларам бан а хаар кхиор.
- Кхоллараллин гIуллакхна дика хьал кхоллар.

ГIирс:

• Тайп-тайпанчу турпалхойн (акхаройн, туьйранан турпалхойн, и. дI. кх. а) суьрташ тIехь долу карточкаш.
• Маршалла хаттаран, Iодикайаран, дехар даран, баркалла аларан дешнийн цхьаьнакхетарш тIехь долу карточкаш.
• Масканаш йа костюмийн элементаш (шайн лаамехь).
• Диалогийн масалшца презентаци йар (аьтто белахь).

**Классал арахьара дешаран некъ**

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гІуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Іалашо: хІораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тІебогІучу балхана кечбар | I мин | **Маршалла хаттар.**<br><br>Маршалла ду шуьга, хьоме бераш!<br>Шу массо мел хаза ду!<br>БІаьрса, лерса аш шайн ирде!<br>Туьйранийн махка вай гІур ду! | Хьехархочуьнга маршалла хаттар | Барта аларан метод:<br><br>салам –маршалла хаттар.<br><br>Дог-ойла гІатторца тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни (Іаморан тІедилларе ладогІар а, цунах кхетар а).<br><br>Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар) . |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>Іалашо: дешархой дечу гІуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 5 мин | Хаарш жигардахар.<br><br>- Бераш, шуна туьйранаш хазахетий? Хьанна дагадогІу шуна туьйранаш муха дуьйлало? (Цкъа мацах..., Іаш хилла…)<br><br>- Ткъа чекх муха довлу уьш?<br><br>- Тахана вай, цхьана туьйране ладоьгІна ца Іаш, иза суьрташ тІера гулдийр ду! | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло, туьйранан элементаш дагалоьцу<br><br>(Берийн жоьпаш) | Барта (къамел), гайтаман (туьйранан турпалхой гойтуш долу суьрташ). | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тІедиллар кхочушдар вовшахтохар).<br><br>Личностни (дешар Іаморна мотиваци кхоллар).<br><br>Познавательни (хьайн хаарийн системехь лела хаар).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тІеэцар, |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |
| **Коьрта дакъа**<br><br>Іалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | **I.Текст йовзийтар:**<br><br>- ХІинца аса жима туьйра доьшур ду шуна. Дика ладогІа! (Туьйранан текст 2-зза йоьшу). Туьйра, хиламийн рогІалла шера а йолуш, кхета атта хила деза. Масала: «ХІИЛЛАНЕ ЦХЬОГАЛ»<br><br>- Бераш, муха хийти шуна туьйра?<br>- Стенах лаьцна дара и?<br>- Цхьогал муха хийти шуна?<br>- Нийса дуй цо динарг?<br>- Нелах лаьцна хІун эр дара аш?<br>- Мегар дуй иштта атта тешаш хила?<br>**2. Суьрташца болх бар:**<br><br>- Шун партанаш тІехь вайн туьйранан тайп-тайпана хиламаш гойтуш долу суьрташ ду. Шун декхар -текстехь хиламаш ма-хиллара, уьш нийсачу рогІаллехь дІанисдар. (Суьрташ дІасадоькъу). | I. Тексте ладугІу, хаттаршна жоьпаш даларца диалог дІахьо.<br><br>2. Суьрташка а хьовсуш, уьш нийсачу рогІаллехь дІанисдан хьовсу. | Барта (кхетор, йешар), гайтаман (суьрташ), практически (суьрташца болх бар). | Коммуникативни (диалогехь дакъалацар; кхечаьрга ладогІар а, царах кхетар а, хиламех а, гІуллакхех а болу шен хьежам бовзийтар).<br><br>Познавательни (тайп-тайпана хІуманаш, хиламаш, бакъдерш вовшашца дуста а, церан анализ йан а, шайн-шайн тобанашка дерзо а, хьайн хаарийн системехь лела а хаар). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **3.Таллам:**<br><br>- Аш муха болх бина хьовса вай! (Масех дешархочуьнга кхойкху, шаьш суьрташ муха дIанисдина а, хIунда дIанисдина а дийца).<br><br>**4. Йуха а ладогIар а, тIечIагIдар а** (уточнение)**:**<br><br>- ХIинца ас йуха а доьшур ду дийцар, аш дерриге а нийса дина йа ца дина талла мегар ду. (Йуха а дIайоьшу туьйранан текст). | 3. Шаьш суьрташ муха дIанисдина а дуьйцу, уьш иштта харжаран бахьана а довзуьйту.<br><br>4. Йуха а тексте ладоьгIначул тIаьхьа, шайн болх толлу. | | Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>Iалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | - ХIун дира вай тахана?<br><br>- ХIун хии вайна?<br><br>- Хала дарий хьуна?<br><br>- Уггаре а самукъане дерг хIун дара? | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш а луш, шайна хетарг дуьйцу . | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар). |
| **Рефлекси**<br><br>Iалашо: шен белхан | I мин | - Тетрадан йистошца малх билла, нагахь хьайна хIара дарс самукъане хеташ хиллехь а, | Тетрадан йистошца малх йа марха йуьллу | Гайтаман (сурт), барта (кхетор). | Регулятивни (шен гIуллакхан мах хадор). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| мах хадо хаар карадерзор . | | дерриге нисделлехь а, йа марха йилла, нагахь санна хьо ца кхеташ а, хала а хиллехь. | | | Познавательни (Іамийнарг системе хІоттор, тІечІагІдар, жамІаш дар).<br><br>Коммуникативни (барта шайн ойланаш йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

**№І ЙУХХЕДИЛЛАР**

ХІИЛЛАНЕ ЦХЬОГАЛ (Халкъан туьйра)

Цхьана заманчохь мацалла хІун дийр ду а ца хууш дисина цхьогал.
Лелаш цунна дагадеъна, дера деза ша нелаца гергарло таса, аьлла. Нал Іеха а йина, жимма хан а йалийтина,
йуур ма йу ша, аьлла ойла йина, цхьогал нал йолчу дахана.
– Дера, нал, хІинца йуучуьнца хала а ду, вайшиъ цхьаьний хьажа деза кхача лаха, хьо реза йелахь? – аьлла цхьогало.
Цхьогал хІиллане ду, кхуьнца доттагІалла тасар зене а дац, аьлла дагадеанчу нело:
– Иза бакъ ду. Цхьаний лаха реза йу ша кхача! – аьлла.
Иштта и барт а бина, цхьаьний шаьшинна кхача а лохуш, йолайелла наллий, цхьогаллий. Лелаш, хан йаьлча, цкъа цхьогало аьлла неле:
– Вайшиъ иштта леларх дика кхача ца нисло вайшиина. Дера йеза вайшиъ йуьрта а йахана, цигахь котам-кІорни карадогІийла хьажа.
ДІайоьдуш и шиъ нисйелла уьшал тІе.
– Кху ишалх дехьа далалуррий техьа вайша? – аьлла нело.
– Ас баькх-баьккхинчхулаког а боккхуш схьайола, – хьехардина хІилланечу цхьогало, хІара хІокху чохь а йисийтина, йуур
йу ша бохуш йолу.
Цхьогало баьккхинчу ког а боккхуш, йогІуш йолу нал, цхьаьна меттахь чуйоьжна.
– ХІинца-м кара йеара хьо, – аьлла, тІехьа а даьлла, цхьогал нал йаа доладелла.
ХІара ша йаа доллу аьлла дагадеанчу нело аьлла:
– Цхьогал, хьо со йаа доллий хиира суна. Цкъа со йаа хьо доладалале суна хьо гайта хьалха долахьа.
Цхьогал хьалха а даийтина, цунна кІомсар тухур йу ша аьлла, дагадеана цунна. И хиинчу хІилланечу цхьогало аьлла:
– Делахь, нал, хьалха дола ма алахьа соьга. Кхузахь доллушехь эхь хеташ доллу хьуна со.













**1-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 4-чу занятин конспект**

**Тема: Тексте ладогIар, суьртийн рогIалла хIоттор**

**Iалашо:** СуртхIотторан кепехь диалогашца къамелан говзалла, кхоллараллин ойлайар, фантази кхиор.

**Iалашонаш:**
**• Дешаран:**
- «Диалог» дашах кхетам а, цуьнан коьрта элементаш а (репликаш, ладогIар, жоп далар) йовзийтар.
- Диалог дIайахьаран коьрта хаарш Iамор (маршалла хаттар, Iодика йар, дехар дар, баркалла алар).

**Кхиаран:**
- Къамел, тидамбар, иэс, фантази кхиор.
- Шен ойланаш а, синхаамаш а гайта хаар лакхадаккхар.
- СуртхIотторан кепаца кхоллараллин хьуьнарш кхиор.

**Кхетош-кхиоран:**
- Вовшашца къамел даран культура а, кхечуьнга ладогIа а, цуьнан ларам бан а хаар кхиор.
- Кхоллараллин гIуллакхна дика хьал кхоллар.

ГIирс:

• Тайп-тайпанчу турпалхойн (акхаройн, туьйранан турпалхойн, и. дI. кх. а) суьрташ тIехь долу карточкаш.
• Маршалла хаттаран, Iодикайаран, дехар даран, баркалла аларан дешнийн цхьаьнакхетарш тIехь долу карточкаш.
• Масканаш йа костюмийн элементаш (шайн лаамехь).
• Диалогийн масалшца презентаци йар (аьтто белахь).

**Классал арахьара дешаран некъ**

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Iалашо: хIораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тIебогIучу балхана кечбар | I мин | **Маршалла хаттар.**<br><br>Маршалла ду шуьга, хьоме бераш!<br>Шу массо мел хаза ду!<br>БIаьрса, лерса аш шайн ирде!<br>Керла дийцар вай толлур ду!<br><br>-Бераш, тахана вайна керла дийцар девзар ду. Олхазарийн ц1ераш хаьий шуна? | Хьехархочуьнга маршалла хаттар<br><br>Берийн жоьпаш | Барта аларан метод:<br><br>салам –маршалла хаттар.<br><br>Дог-ойла гIатторца тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни (Iаморан тIедилларе ладогIар а, цунах кхетар а).<br><br>Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар) . |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>Iалашо: дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 5 мин | Хаарш жигардахар.<br><br>Iалашо: берийн дийцарх долу хаарш жигарадахар.<br><br>- Бераш, шуна олхазарех лаьцна цхьа а дийцар хаьий?<br><br>- Хьан дуьйцур дара аш шайна хазахета дийцар? (Берийн жоьпаш)<br><br>- Тахана вай йуха а дийцаре дийр ду цхьа дийцар. Дийцаре ладоьгIна ца Iаш, вай иза,гуттар | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш ло, дийцарш дагалоьцу | Барта (къамел), гайтаман (дийцаран турпалхой гойтуш долу суьрташ). | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар).<br><br>Личностни (дешар Iаморна мотиваци кхоллар).<br><br>Познавательни (хьайн хаарийн системехь лела хаар).<br><br>Коммуникативни |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | ма- дарра, суьрташца дIа а нисдийр ду! | | | (лерсица хаам тIеэцар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |
| **Коьрта дакъа**<br><br>Iалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | **I.Текст йовзийтар:**<br><br>- ХIинца аса х1уттут олучу олхазарх лаьцна жима дийцар доьшур ду шуна. Дика ладогIа! (Дийцаран текст 2-зза йоьшу). Дийцар, хиламийн рогIалла шера а йолуш, кхета атта хила деза. Масала: «Х**I**уттут»<br><br>- Бераш, муха хийти шуна дийцар?<br><br>- Стенах лаьцна дара и?<br><br>- Муха хилла хIуттутан кIорнеш?<br><br>-Цомгаш хиллачу шайн ненах къахеташ хиллий царна?<br><br>- Цомгашчух къахета а, цуьнга хьажа а везий?<br><br>- Т1аккха нанас хIун дина?<br><br>- Шуна нийса хетий нанас динарг?<br><br><br>**2. Суьрташца болх бар:** | I. Тексте ладугIу, хаттаршна жоьпаш даларца диалог дIахьо.<br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br>2. Суьрташка а хьовсуш, уьш нийсачу рогIаллехь дIанисдан | Барта (кхетор, йешар), гайтаман (суьрташ), практически (суьрташца болх бар). | Коммуникативни (диалогехь дакъалацар; кхечаьрга ладогIар а, царах кхетар а, хиламех а, гIуллакхех а болу шен хьежам бовзийтар).<br><br>Познавательни (тайп-тайпана хIуманаш, хиламаш, бакъдерш вовшашца дуста а, церан анализ йан а, шайн-шайн тобанашка дерзо а, хьайн хааррийн системехь лела а хаар).<br><br><br>Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | - Шун партанаш тӀехь вайн туьйранан тайп-тайпана хиламаш гойтуш долу суьрташ ду. Шун декхар -текстехь хиламаш ма-хиллара, уьш нийсачу рогӀаллехь дӀанисдар. (Суьрташ дӀасадоькъу).<br> <br>  <br>**3.Таллам:**<br>- Аш муха болх бина хьовса вай! (Масех дешархочуьнга кхойкху, шаьш суьрташ муха дӀанисдина а, хӀунда дӀанисдина а дийца).<br>**4. Йуха а ладогӀар а, тӀечӀагӀдар а** (уточнение)**:**<br>- ХӀинца ас йуха а доьшур ду дийцар, аш дерриге а нийса дина | хьовсу.<br>3. Шаьш суьрташ муха дӀанисдина а дуьйцу, уьш иштта харжаран бахьана а довзуьйту.<br>4. Йуха а тексте ладоьгӀначул тӀаьхьа, шайн | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | йа ца дина талла мегар ду. (Йуха а дІайоьшу текст). | болх толлу. | | |
| **ЖамІаш дар, хааршсистеме дерзор а.**<br><br>Іалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамІаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | - ХІун дира вай тахана?<br><br>- ХІун хии вайна?<br><br>- Хала дарий хьуна? Цакхеташ хІумма а дисиний?<br><br>- Уггаре а самукъане дерг хІун дара? | Хьехархочун хаттаршна жоьпаш а луш, шайна хетарг дуьйцу . | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тІе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тІедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тІеэцар). |
| **Рефлекси**<br><br>Іалашо: шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | I мин | - Тетрадан йистошца малх билла, нагахь хьайна хІара дарс самукъане хеташ хиллехь а, дерриге нисделлехь а, йа марха йилла, нагахь санна хьо ца кхеташ а, хала а хиллехь. | Тетрадан йистошца малх йа марха йуьллу | Гайтаман (сурт), барта (кхетор). | Регулятивни (шен гІуллакхан мах хадор).<br><br>Познавательни (Іамийнарг системе хІоттор, тІечІагІдар, жамІаш дар).<br><br>Коммуникативни (барта шайн ойланаш йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

**№1 ЙУХХЕДИЛЛАР**

# ХIуттут

Хьалхалерачу заман чохь йехаш Iаш хилла, боху, цхьа хIуттут, шен кхаа кIорница. Цкъа нана-хIуттут цомгуш хилла. ЙаахIума йан а, хи дан а цхьа а воцуш, Iуьллура хIуттут, кIорнеша нана тергалйеш а ца хилла.
ТIаккха хIуттуто аьлла йоккхах йолчу кIорнига:
— Со хьагйелла, хи дахьа суна мала!
— Ов-вай, ма шийла йу арахь, суна хала хир ду хи дан! — аьлла, дуьхьало а йина, ненан дехар кхочуш ца дина кIорнино.
Вукху шина кIорнига  а дехар дина хIуттуто, цара а, цхьацца бахьана а хIоттийна, хи ца деъна.
ТIаккха шен мел болу ницкъ а гулбина, шен бен а битина, тIома а йаьлла, дIайахара хIуттут. Шаьш нана а йоцуш дисинйла хиъча, кхо кIорни мохь хьекха йолайелла:
— Ва нана, йухайерзахьа! Оха хи а дахьар ду хьуна, йаахIума а йаор йу, массо а хIуман тIехь гIо а дийр ду, дIа ма гIохьа!
Амма хIуттут йуха Оцу хенахь дуьйна кIорнешна шайн да-нана а ца девза, дена-нанна шайн кIорнеш а ца йевза.
Ур-атталла шен х чу дохку.











**1-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 5-чу занятин конспект**

Тема: Диалогийн сурт хIоттор

Iалашо: Диалогаш х1итторца къамелан говзалла, кхолларалин ойлайар, фантази кхиор.

**Задачи:**

- **Образовательные:**
  - Познакомить с понятием "диалог" и его основными элементами (реплики, слушание, ответ).
  - Обучить элементарным навыкам ведения диалога (приветствие, прощание, выражение просьбы, благодарности).

Iалашонаш:
• Дешаран:
  - Диалоган коьрта элементаш а (репликаш, ладогIар, жоп далар), «диалог» боху кхетам а бовзийтар.
  - Диалог дIайахьаран коьрта хаарш Iамор (маршалла хаттар, Iодикайар, дехар дар, баркалла алар).

Кхиаран:
  - Къамел, тидамбар, иэс, фантази кхиор.
  - Ойланаш а, синхаамаш а гайта хаар лакхадаккхар.
  - Суртх1отторан кепаца кхолларалин хьуьнарш кхиор.

Кхетош-кхиоран:
  - Вовшашца къамел даран культура а, кхечуьнга ладогIа а, цуьнан ларам бан а хаар кхиор.
  - Кхолларалин гIуллакхна дика хьал кхоллар.

ГIирс:

• Тайп-тайпанчу турпалхойн (акхаройн, туьйранан турпалхойн, и. дІ. кх. а) суьрташ тІехь долу карточкаш.
• Маршалла хаттаран, Іодикайаран, дехар даран, баркалла аларан дешнийн цхьаьнакхетарш тІехь долу карточкаш.
• Масканаш йа костюмийн элементаш (шайн лаамехь).
• Диалогийн масалшца презентаци йар (аьтто белахь).

**Классал арахьара дешаран некъ**

| **Классал арахьара дешаран этапаш** | **Хан** | **Хьехархочун болх** | **Дешархойн гІуллакхаш** | **Хьехаран кепаш а, приёмаш а** | **УУД-н кепаш** |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Іалашо: хІораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тІебогІучу балхана кечбар | 1 мин | **Маршалла хаттар.**<br><br>*Шуьга ду маршалла, сан кегий доттаг1ий!*<br>*Даха шу ирс долуш, мехкан сий ойъуш!*<br>*Инзаре тамаша вайга шех байта,*<br>*Туьйранан махко вай хьошалг1а кхойкху!* (МХД) | Хьехархочуьнга маршалла хаттар<br><br>Берийн жоьпаш | Барта аларан метод:<br><br>салам –маршалла хаттар.<br><br>Дог-ойла гІатторца тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни (Іаморан тІедилларе ладогІар а, цунах кхетар а).<br><br>Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар). |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар.**<br><br>Іалашо: дешархой дечу гІуллакхашна кечбар, керла | 5 мин | Бераш, тахана вайга хьошалг1а кхайкхина хилча, 1амийнарг карладаккха вай?<br><br>Хьан эр дара аш, муьлха туьйранаш девзи вайна? Хазахийтирий шуна уьш?<br><br>Хьан бовзуьйтур бара шайна хазахеттачу | Хаттаршна жоьпаш | Барта (къамел) | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тІедиллар кхочушдар вовшахтохар).<br><br>Личностни (дешар Іаморна мотиваци кхоллар).<br><br>Познавательни (шен хаарийн системехь лела хаар, шен гІуллакхийн план дІабеллачу хаамашца йогІуш хІоттор) |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| хаарш оьшуш хиларх кхетар | | туьйранан турпалхой?<br><br>Оцу турпалхоша вовшашца къамел дой? Церан х1ораннан къамелах х1ун олу хаьий шуна?<br><br>(Хьехархочо доцца довзуьйту диалог стенах олу а, и стенна оьшу а.)<br><br>Тахана вайга туьйранийн шатайпачу майдана кхойкху. Цигахь дуккха а халонех-зиэрех чекхдовла дезар ду вайн. Кийча дуй шу?<br><br>Ойланца цига вай кхочур ду т1ома лелачу куз-кеманахь. Б1аьргаш д1ахьаббе массара а. Вай дІадоьлху!<br><br>Бераш, вай стенга доьлхуш дара дагадогІий шуна? Туьйранан майданахь вайга сатуьйсуш халонаш хилар диц ма делаш. Бовха мох хьоькху вайн йаххьаш тІе, вайна уллохь лелаш | | | Коммуникативни (лерсица хаам тІеэцар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | олхазарш ду, мархаш а йу….<br><br>Х1инца бIаьргаш схьадоьллу вай. Шаьш шайн коьртах куьг хьакха. Ма дика бераш ду шу! ХIинца болх бийр бу вай. | | | |
| **Коьрта дакъа**<br><br>Iалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | Тахана вайна девзар ду оьрсийн халкъан «Цхьогал а, г1езаш а» ц1е йолу туьйра. Дика ладог1алаш, сан диканаш. Кхуьнан чулацамца кхин д1а а болх хир бу шуна вайн.<br><br>**«ХIун хилла кхидIа?»** боху хьалхара зиэр ду вайна хьалха.<br><br>Боцца бовзийта туьйранан чулацам. ХIинца цхьана минотана ойла а йина, кхин дIа и муха хила тарлора аьлла, т1едузур ду вай и.<br><br>Стен гIо дира шуна туьйра дIадахьа? Ойла йаро гIо дирий? Нийса ду, | Хьехархочун тIедилларе ладогIар а, кхочушдар а . | Барта (къамел). гайтаман (суьрташ), практически (презентаци). | Коммуникативни (Диалогехь дакъалацар; кхечаьрга ладогIар а, кхетар а, хиламех, гIуллакхех болу шен хьежам бовзийтар)<br><br>Познавательни (Тайп-тайпана хIуманаш, хиламаш, бакъдерш дустар, церан анализ йан, уьш тобанашка йерзо, шайн хаарийн системехь лела хаар)<br><br>Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | цо гIо дира.<br><br>Ойлайар – иза адамийн бен хила йиш йоцу, хьалха хилла зеделларг дIа а дерзош, керла суьрташ (гайтамаш) кхолла ницкъ хилар ду.<br><br>Цуьнан гIоьнца вай цкъа а ца хиллачу хIуманан, хьолан, хьелан сурт кхуллу.<br><br>**Шолг1а зиэр:** «Харжам»<br><br>Автор: _______________<br><br>Цхьогал: ____________<br><br>Г1езаш: ______________<br><br>Берийн харжамца ролаш дIасайекъар<br><br>**Кхоалг1а зиэр:** «Суртх1отторна кечам»<br><br>«Цхьогал а, гIезаш а»<br><br>**Автор:** Цкъа цхьа цхьогал деана бай тIе. Цигахь йежаш гIезаш хилла. | Бераша шайна луург, шайна хетарг довзийтар<br><br>Бераша ролаш харжар.<br><br>Туьйранан суртх1отторна кечам бар: репетици, духарш къастор. | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Дукха нисйелла хилла и гІезаш, цхьаъ вукхул йерстина а йолуш. Хазахетта цхьогална.<br><br>**Цхьогал:** ХІинцца йуур йу ас шу!<br><br>**ГІезаш**: Ма йаахьа тхо, цхьогал. Къахетахьа тхох!<br><br>**Цхьогал:**ХІан-хІа, хетар дац суна шух къа, йерриге а дІайуур йу.<br><br>**ГІаз**: Тхаьш йалале хьалха цхьа йиш лакха пурба лохьа тхуна. ТІаккха йуур йу ахь. МогІа бинна хьуна хьалха дІахІуьттур йу-кх тхо, йерстинарг къастон хьуна атта хилийта.<br><br>**Цхьогал:** Дика ду, лакха тІаккха.<br><br>**Автор:** Цхьа гІаз йолайелла йиш лакха. Иштта йеха хилла цуьнан йиш:<br><br>**Цхьа г1аз:** ГІа-гІа-гІа, гІа- | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | гIа-гIа.<br><br>**ШолгIа г1аз:** ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIагIа.<br><br>**КхоалгIа г1аз:** ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIагIа, гIа-гIа-гIа.<br><br>**ЙоьалгIа г1аз:** ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIагIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа.<br><br>**ПхоьалгIаниг:** ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа.<br><br>**Массара а цхьаьна:**<br><br>– ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIагIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа…<br><br>**Автор:** ГIезаш йиш лекхна йевлчахьана туьйра а чекхдер ду. ТIаккха цхьогало уьш йуур йу. Амма и гIезаш хьекъале йу: уьш хIинца а шайн йиш лоькхуш йу: | Хьехархочун г1оьнца шайн дешнаш шардо. | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | – ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа!.. | | | |
| **ЖамIаш дар, хааpш системе дерзор а.**<br><br>Iалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хааpш карадерзор | 2 мин | Бераш, цIа даха хан т1екхечи. БIаьргаш дIа а къевлина, вешан туьйранан куз- кеман тIехь долуш санна, новкъадевр ду вай...<br><br>Вай схьакхечи, схьабелла шайн бIаьргаш. | Хьехархочун т1едиллар кхочушдо | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар). |
| **Рефлекси**<br><br>Iалашо: шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | Бераш, керла х1ун хии вайна тахана?<br><br>Самукъане хийтирий шуна?<br><br>Х1ун жам1аш дийр дара аш шайна? | Хаттаршна жоьпаш ло.<br><br>(Ц1ахь дай-нанойн г1оьнца дагахь 1амадо шайн дешнаш) | Дешнийн (рефлексин гIоьнца жамI дар). | Регулятивни (шен гIуллакхан мах хадор)<br><br>Познавательни (Iамийнарг т1еч1аг1дар, системе хIоттор, жамIаш дар)<br><br>Коммуникативни (шайн ойланаш барта йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар) |

**Цхьогал а, гIезаш а**

Цкъа цхьа цхьогал деана бай тIе. Цигахь йежаш гIезаш хилла. Дукха нисйелла хилла и гIезаш, цхьаъ вукхул йерстина а йолуш. Хазахетта цхьогална.
– ХIинцца йуур йу ас шу! – аьлла цо.
ГIезаша дехар дина:
– Ма йаахьа тхо, цхьогал. Къахетахьа тхох!
– ХIан-хIа, – аьлла цхьогало, – хетар дац суна шух къа, йерриге а дIайуур йу.

ХIинца хIун дан деза?
ТIаккха цхьана гIезо аьлла:
– Тхаьш йалале хьалха цхьа йиш лакха пурба лохьа тхуна. ТIаккха йуур йу ахь. МогIа бинна хьуна хьалха дIахIуьттур йу-кх тхо, йерстинарг къастон хьуна атта хилийта.
– Дика ду, – аьлла цхьогало, – лакха тIаккха.
Цхьа гIаз йолайелла йиш лакха.
Иштта йеха хилла цуьнан йиш:
– ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа.
Цунна тIаьххье дIайолайелла шолгIаниг:
– ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIагIа.
ТIаккха кхоалгIачо а лекхна:
– ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIагIа, гIа-гIа-гIа.
ЙоьалгIачо а:
– ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIагIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа.
Цунна тIаьххье пхоьалгIачо а:
– ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIагIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа.
ТIаккха массара а цхьаьна:
– ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIагIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа…
ГIезаш йиш лекхна йевлчахьана туьйра а чекхдер ду. ТIаккха цхьогало уьш йуур йу. Амма и гIезаш хьекъале йу: уьш хIинца а шайн йиш лоькхуш йу:
– ГIа-гIа-гIа, гIа-гIа-гIа!..
**Гочдинарг – Петирова ПетIамат**







**1-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 6-чу занятин конспект**

Тема: Диалогийн сурт хIоттор

Iалашо: Диалогаш х1итторца къамелан говзалла, кхоллараллин ойлайар, фантази кхиор.

Iалашонаш:

• Дешаран:
  - Диалоган коьрта элементаш а (репликаш, ладогIар, жоп далар), «диалог» боху кхетам а бовзийтар.
  - Диалог дIайахьаран коьрта хаарш Iамор (маршалла хаттар, Iодикайар, дехар дар, баркалла алар).

Кхиаран:
  - Къамел, тидамбар, иэс, фантази кхиор.
  - Ойланаш а, синхаамаш а гайта хаар лакхадаккхар.
  - Суртх1отторан кепаца кхоллараллин хьуьнарш кхиор.

Кхетош-кхиоран:
  - Вовшашца къамел даран культура а, кхечуьнга ладогIа а, цуьнан ларам бан а хаар кхиор.
  - Кхоллараллин гIуллакхна дика хьал кхоллар.

**Оборудование:**

- Карточки с изображением различных персонажей (животные, сказочные герои и т.д.).
- Карточки с фразами приветствия, прощания, просьбы, благодарности.
- Маски или элементы костюмов (по желанию).
- Презентация с примерами диалогов (по возможности).

**Классал арахьара дешаран некъ**

| **Классал арахьара дешаран этапаш** | **Хан** | **Хьехархочун болх** | **Дешархойн гІуллакхаш** | **Хьехаран кепаш а, приёмаш а** | **УУД-н кепаш** |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>Іалашо: хІораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тІебогІучу балхана кечбар | 1 мин | **Маршалла хаттар.**<br><br>Маршалла ду шуьга, сан хьоменаш!<br><br>Урокехь ойла йийр йуй вай? (ХІаъ.)<br><br>– Йа д1адийша вай? (ХІан-хІа.)<br><br>– Хьекъал самадаккхий вай? (ХІаъ.)<br><br>– Вовшашна гІо дийр дуй | Хьехархочуьнга маршалла хаттар<br><br>Берийн жоьпаш | Барта аларан метод:<br><br>салам –маршалла хаттар.<br><br>Дог-ойла гІатторца тема йовзийтар, къамел дар. | Коммуникативни (Іаморан тІедилларе ладогІар а, цунах кхетар а).<br><br>Регулятивни (шаьш шайн белхан меттиг вовшахтохар) . |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | вай? (ХIаъ.)<br><br>- Муьлхха хало эшор йуй? (ХIаъ.) | | | |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>Iалашо: дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 5 мин | Бераш, вайна муьлха туьйранаш девзи? Хазахийтирий шуна уьш?<br><br>Тахана ас шу йуха а туьйранийн шашайпачу майдана кхойкху. Цигахь дуккха а халонех-зиэрех чекхдовла дезар ду вайн. Кийча дуй шу?<br><br>Ойланца цига вай кхочур ду т1ома лелачу куз-кеманахь. Б1аьргаш д1ахьаббе массара а. Вай дIадоьлху!<br><br>Бераш, вай стенга доьлхуш дара дагадогIий шуна? Туьйранан майданахь вайга сатуьйсуш халонаш хилар диц ма делаш. Бовха мох хьоькху вайн йаххьаш тIе, вайна уллохь лелаш олхазарш ду, мархаш а | Хаттаршна жоьпаш | Барта (къамел) | Регулятивни (ша-шен мах хадор, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар).<br><br>Личностни (дешар Iаморна мотиваци кхоллар).<br><br>Познавательни (шен хаарийн системехь лела хаар, шен гIуллакхийн план дIабеллачу хаамашца йогIуш хIоттор)<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | йу….<br><br>Х1инца бІаьргаш схьадоьллу вай. Шаьш шайн коьртах куьг хьакха. Ма дика бераш ду шу! ХІинца болх бийр бу вай. | | | |
| **Коьрта дакъа**<br><br>Іалашо: берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | **«ХІун хилла кхидІа?»** боху хьалхара зиэр ду вайна хьалха. Массарна а дагадог1ий «Хорсам» туьйра? (1 слайд).<br><br><br><br>Боцца бовзийта туьйранан чулацам. Туьйра чекхдолуш хорсам схьадоккхурий? ХІинца цхьана минотана ойла а йина, кхин дІа а дохуьйтур ду вай х1ара туьйра.<br><br>Стен гІо дира шуна | Хьехархочун тІедилларе ладогІар а, кхочушдар а .<br><br>Бераша шайна луург, шайна хетарг довзийтар | Барта (къамел). гайтаман (суьрташ), практически (презентаци). | Коммуникативни (Диалогехь дакъалацар; кхечаьрга ладогІар а, кхетар а, хиламех, гІуллакхех болу шен хьежам бовзийтар)<br><br>Познавательни (Тайп-тайпана хІуманаш, хиламаш, бакъдерш дустар, церан анализ йан, уьш тобанашка йерзо, шайн хаарийн системехь лела хаар)<br><br>Регулятивни (хиллачу хааршна тІе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тІедилларш кхочушдар вовшахтоха а). |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | туьйра дIадахьа? Ойла йаро гIо дирий? Нийса ду, цо гIо дира.<br><br>Ойлайар – иза адамийн бен хила йоцу, хьалха хилла зеделларг дIа а дерзош, керла суьрташ (гайтамаш) кхолла ницкъ хилар ду. (2-гIа слайд)<br><br>• Цуьнан гIоьнца вай цкъа а ца хиллачу хIуманан, хьолан, хьелан сурт кхуллу.<br><br>Шолг1а зиэр: **«Хила тарлург»**<br><br>«Х1ун хир дара, нагахь санна…?» хаттарна жоп луш,йуха а ойланехь сурт х1отто хьовса вай ?<br><br>(3 слайд)<br><br>Шун декхар - хьалха хIиттийначу хаттаршна дуьззина а, шен-шен кепара а жоьпаш далар: | Хаттаршна жоьпаш дала. | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 1.ХIун хир ду, нагахь саццаза догIа оьхуш хилча?<br><br>2. Х1ун хир ду, хьуна т1емаш девлча?<br><br>3. ХIун хир ду , берриге а туьйранан турпалхой вайн дахаре баьхкича?<br><br>4.ХIун хир дара адамаша вовшийн дог-ойла йеша йиш хилча?<br><br>Кхоалг1а зиэр «Суьрташ кечдар»<br><br>Бераш, х1инца вай д1айаханчу занятехь санна, ваьш 1амийнчу «Хорсам» туьйранан чулацам т1ехь сурт х1отто хьовсур ду.<br><br>Дакъалоцурш:<br><br>Автор:__________<br><br>Дада____________<br><br>Баба____________ | Хьехархочо шайна делла т1едахкарш кхочушдо. | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Йо1_____________<br><br>Ж1аьла___________<br><br>Цициг____________<br><br>Дахка______________ | | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>Iалашо: нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | Бераш, цIа даха хан т1екхечи. БIаьргаш дIа а къевлина, вешан туьйранан куз- кеман тIехь долуш санна, новкъадевр ду вай...<br><br>Вай схьакхечи, схьабелла шайн бIаьргаш. | Хьехархочун т1едиллар кхочушдо | Барта (къамел) | Регулятивни (хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шен кхолладелла хетарш довзийта а, уьш бакъдан а, хьехархочун тIедилларш кхочушдар вовшахтоха а).<br><br>Коммуникативни (лерсица хаам тIеэцар). |
| **Рефлекси**<br><br>Iалашо: шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | Бераш, керла х1ун хии вайна тахана?<br><br>Самукъане хийтирий шуна?<br><br>Х1ун жам1аш дийр дара аш шайна? | Хаттаршна жоьпаш ло | Дешнийн (рефлексин гIоьнца жамI дар). | Регулятивни (шен гIуллакхан мах хадор)<br><br>Познавательни (Iамийнарг т1еч1аг1дар, системе хIоттор, жамIаш дар)<br><br>Коммуникативни (шайн ойланаш барта йовзийтар, хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар) |





**ЙУХХЕДИЛЛАР** **Хорсам (Оьрсийн халкъан туьйра)**

**Автор:** Дадас хорсам дийна хеса. Т1аккха аьлла:

**Дада:** Кхиалахь, хорсам, мазал мерза!
Кхиалахь, хорсам, нана-доккха!

**Автор:** Кхиъна хорсам. Мерза а, доккха а хилла хорсам.
Хорсам схьадаккха вахана дада.
Озийна, озийна – схьа ца даьлла хорсам.
Бабега кхайкхина т1аккха дадас.

**Дада:** Баба, хорсам схьадоккхуш, г1о дехьа суна.

**Автор:** Баба дадина **т1аьхьатасайелла,**
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьа ца даьлла.
Т1аккха бабас к1ентан йо1е кхайкхина.

**Баба:** Ваа сан диканиг, схьайолахьа, г1о дехьа

**Автор:** Йо1 бабех тасайелла,
Баба дадех тасайелла,
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьа ца даьлла.
Т1аккха йо1а К1езе кхайкхина.

**Йо1:** К1еза, к1еза схьадола!

**Автор:** К1еза йо1ах тасаделла,
Йо1 бабех тасайелла,

Баба дадех тасайелла,
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьа ца даьлла.
К1езо т1аккха цициг кхайкхина.

К1еза: 1ав-1ав- 1ав, Пису, схьадола, г1о де тхуна!

**Автор:** Цициг К1езах тасаделла,
К1еза йо1ах тасаделла,
Йо1 бабех тасайелла,
Баба дадех тасайелла,
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьа ца даьлла.
Т1аккха цициго дехке кхайкхина.

**Цициг:** Дахка, г1о дехьа тхуна

**Автор:** Дахка цицигах тасабелла,
Цициг К1езах тасаделла,
К1еза йо1ах тасаделла,
Йо1 бабех тасайелла,
Баба дадех тасайелла,
Дада хорсамах тасавелла —
Озийна, схьаозийна хорсам –
Схьадаьлла хорсам.
Вайн туьйра чекхдели! Ладоьг1начунна и хези!
**Гочдинарг – Петирова Пет1амат**

